



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premii: 1 - 30 temboeng f 1.-
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris: (apes: f 1,25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.



REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soeara Katholiek

1 taon . . . f 7,50 } njoewoen kabajar
1/2 . . . f 3,75 } roemijin.

Adrèspoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.



Drukkerij „Canisius“ Djokja.

ISINIPOEN:

Goemoen—Soemangga toemandang
—Keselipoen tijang njamboet damel
—Pangoela-wentahing bangsa wanita—Idjab ingkang dèrèng oemoer
—Djagi poera — Nasib — K. W. Semarang — Kring Bandoeng — Rembagipoen Garèng lan Pétroek — Ontjèn sekar gambir melati—Kagoe nan—Oerap-sari.

GOEMOEN.

Saking panginten koela: mila Goemora ngwontenaken „Commissie voor de Volkslectuur“ poenika soepados toemoet anggoela-wentah dateng para kawoela (volksopvoeding). Nanging sadjatosipoen teka malah moelangi awon dateng tetijang; tandanipoen katah boekoe² wedalan Volkslectuur ingkang saroe², kadosta njandra tijang gandroeng lan remenan lan sapanoenggilanipoen. Manawi mendet toelada ingkang taksih énggal, kadosta ingkang kamoting „Kedjwèn angka 87 tg. 30 October lan angka 88 tg. 2 November 1929, tjarijosipoen Sirwènda lan Djanoerwènda.”

Bokmanawi wonten ingkang moenggel, bilih Volksleuur kedah nétral, tegesipoen boten anggepok agami. Poenika koela tjoetjog, ananging sanadjan nétral pisan, boten anggepok agami, mèksa kedah nglenggahi kasaénan. Basa ingkang saroe-saroe poenika dédè kasaénan. Tijang oetawi laré dipoentjarjosipoen ingkang saroe² poenika dédè kasaénan. Tijang oetawi laré dipoentjarjosipoen ingkang saroe-saroe poenika boten badé mindak saé, nanging badé dados awon.

Mila jèn Volkslectuur badé toemoet anggoela-wentah dateng kawoelaning negari (Volksopvoeding) sampoeng ngadalaken boekoe ingkang saroe-saroe, doemèh saé temboeng oetawi oekaraniipoen. Oepami kapeksa ngadalaken boekoe ingkaang pantjen wonten ingkang saroe-saroe, inggih dipoebesoeset, dipoentjarjosipoen roemijin. Déné jèn saroe-saroe dipoenganggep „opvoeding“ la kedjawil!!!! sampoeng boten kénging dipoerembag.

J. K.

SOEMANGGA TOEMANDANG.

Toemandang poenapa? Para sadèrèk sampoeng priksa, sepinten dajaniipoen piawon, sapinten dajaniipoen serar², boekoe², dados sepinten dajaniipoen serar oetawi boekoe² awon. Kita ingkang antjasipoen nedya adamel saénging dajag, poenapa ladjeng badé kèndel kémawon, manawi djagad badé dipoenelebi serat oetawi boekoe ingkang awon.

Soemangga sami ènget: Sapa sing bisa nekem lajang-lajang kabar (boekoe-boekoe), mesti ija bakal bisa nekem wong sadjagad. Dados saeopami serat-serat lan boekoe-boekoe waoe awon, poenapa djagad badé dados saé?

Mila sampoeng koewadjaban kita nanggoelang serat ingkang nenoentoen dateng piawon, ngalang-alangi ngrebdanipoen poen oepasing djagad, inggih boekoe awon. Déné kadospoendi sagedipoen toemindak, sebab serat waoe sampoeng ngambra-ambra soemrambah ing sadjagad, langkoenglangkoeng ing djagad Djawi? Ambèngkas babar pisan temtoe badé boten saged oetawi angèl sanget, ananging mnggak lan ngrendetaken soembaripoen saged, sarana damel boekoe saé, ladjeng kasebaraken, soepados kawaos ing para tijang.

Pramila kanggé kita Katholiek Djawi perloe sanget lan betah dateng boekoe-boekoe saé, boekoe warni-warni, ingkang moerakabi gotrah Katholiek. Poenapa poenika badé gampil toemindakipoen? Sinten ingkang badé ngajati?? Rama pastoer? Inggih pantjenipoen, sebab poenika sampoeng nama dangoe lan inggih pangodininipoen seserepan, prasasat moempoeni kawroeh, pe-noeh ngèlmoe mantja warni; dados jèn poenika ingkang njalirani, boten badé koetjwa. Ananging kawoeningana, para sadèrèk, pinten tjatjahipoen

pastoer Djawi?? Saweg sakedik sanget, toer sampoeng kawratèn pandamelan katah, matoempa-toempa, dados manawi badé ngasta poenika temtoenipoen boten kober. Poenapa badé ngentosi béndjing jèn sampoeng katah? Lah béndjing poenapa poenika? Sinten ingkang menangi? Koela sampéjan bokmanawi boten, Poetra wajah, tjanggah warèng? Manawi dipoensrantosaken makaten poenika, piawon sampoeng ngojod, kasèp laloe, angèl sanget pambéngkasipoen.

Pramila soemangga dipoeniwiti sapoenika kémawon; lah inggih satindakipoen roemijin, sagajoekgajoekipoen roemijin, sasampoena wonten ingkang ada-ada, lah ing béndjing namoeng kantoen neroesaken kémawon. Miwiti poenika nama rekaos, ananging inggih boten dados poenapa; sebab mangké manawi namoeng dipoerembag kémawon, boten badé poetoès-poetoès.

Kita Katholiek Djawi betah sanget waosan saé, mangka waosan dèrèng katah.

Kados-poendi sapoenika anggènipoen kedah ngadani poenika? Inggih sampoeng koela soemerepi ingkang badé ngarang boekoe poenika rahi kadoeng, tegesipoen awis-awis ingkang medal pamanahanipoen pijambak. Kita boten soesah ngarang pijambak (jèn saged langkoeng oetami), ananging mendet boekoe saking basa sanès, ladjeng kadjawèkna, poenapa malih boten kirang boekoe saé ingkang tjoetjog kalijan pamanahan Djawi.

Saking pangadjeng-adjeng koela sageda kaleksanan idam-idaman makaten poenika, ladjeng saking sakedik saged ngitjali boekoe-boekoe, ingkang namoeng badé moelang awon kémawon dateng para tijang. Woosana soemangga.

S. S.

PRADJA RAHAJOE.

Keselipoen tijang njamboet damel.

Toemrap para djempol-djempolan ingkang ngrembag pradja rahajoe, prakawis keselipoen tijang njamboet damel poenika inggih dados memnahan.

Angger tijang temtoe sampoeng ngalami pijambak: otot poenika manawi mentas kanggé, ladjeng kraos kesel. Oepami pandjenganan awis-awis angkat-djoendjoeng, ladjeng kapeksa mindah lemantoen ageng, mangké rak kraos kesel, nanging keselipoen waoe boten dangoe noenten itjal, béndjing jèn kapoerih ngangkat malih, inggih poeroen.

Dados mitoeroet kawontenan ing nginggil poenika, kesel poenika manawi madya, kados salimrahipoen, kekijataning otot saged poelih malih. Inggih kados makaten poenika boten dados rembag.

Inggih kados rembag poenika njoemerepi watesipoen, oetawi ngertos dangoenipoen njamboet damel, ladjeng saged moengèl: Wis, ora kena loewih, saiki ngaso.

Poenika prakawis angèl, awit jèn manoeft roemaosing manah, pamawasipoen gampil klintoenipoen. Tijang poenika manawi kapoerih njamboet damel, mangka pandamelan adjeg sami kémawon oepami nglinting rokok lsp. poenika roemaosing énggal kesel, wewah-wewah jèn kanti manah kirang seneng. Sareng ngetjakaken pandamelan ingkang langkoeng awrat ngantos dangoe, nanging dados kasenenganipoen, sampoeng kesel, ngakenipoen dèrèng kesel.

Inggih masti watesing kesel poenika anget tijang: béda, mawimawi kawontenaning badanipoen. Inggih margi boten gampil ngertosipoen poendi watesipoen kesel limrah, poenika moerogaken wonten katjilakan. Inggih kerep-kerep sampoeng nglontjok ing wates, saweg kémawon ngertos, nanging sampoeng kasèp, tjara gandéwanipoen kapentang makaten sampoeng njwara mak-krepek. Kanggé andjemparing boten saged lepas.

Toemrapipoen tijang, kesel langkoeng saking madjad poenika sa-

ged andadosaken klijeng-klijeng, ngengleng, éwah, lsp.

Amrih sampoeng kepanjangan a-toer koela, ingkang moerogaken kesel poenika koela tjekak, kadosta le, kiranging padang. Poenika saged njoeda 20 persèning dajaning njamboet damel. Margi kirang padang, mripat dados kesel langkoeng saking ngadat, woosana andjalari sakit ngeloe.

2e. kiranging hawa saé. Jèn tijang katah njamboet damel wonten ing kamar, mangka kamar waoe tanpa mawi tjandéla ngantos hawa ing ngrikoe dados bosok (kekatahen koolzuur, kirang zuurstof) tetijang waoe panjamboetipoen damel tamtoe énggal kesel.

3e. kekatahen swara. Jèn wonten tijang kedah njamboet damel, mangka kebrebegen swaraning montor lsp. poenika panjamboetipoen damel, soepados tanpa lépat, kedah langkoeng dipoen-gatosaken, mila ladjeng moerogaken énggal kesel.

4e. pandamelan ingkang adjeg sami kémawon poenika oegi ngénggalaken kesel, boten amargi mboseni (oepami madoeng), nanging margi wongsal-wangsoel otot-otot ingkang kanggé adjeg sami kémawon.

5e. kirang srenging papan ingkang kanggé linggih oegi ngénggalaken kesel.

6e. kedangon panjamboetipoen damel moerogaken langkoeng kesel.

Taksih wonten panoenggilanipoen prakawis inggih moerogaken énggal kesel. Sanadjan ingkang koela rembag bab keseling tijang ingkang berah, kénging oegi katoemrapaken dateng laré pamoelangan lsp.

Djempol-djempolan ingkang magepokan kalijan pabrik lsp. koela atoeri manggali prakawis poenika sarembag kalijan toewan pabrik. Jèn toewan pabrik nalar, temtoe malah bingah, djalaran berahipoen waras-waras.

Poen P. D.

LARASATI.

PANGGOELA-WENTAHIPOEN BANGSA WANITA.

Prakawis poenapa ingkang prajogi kasoemerepan déning para pandidik ing wanita, sampoeng koela atoeraken ing Sw. Tm. minggoe kapengker, inggih poenika wonten sekawan:

1. Wanita badé njepeng tek-kliwering grija.

2. Wanita badé dados bijoeng lan moelasara anak.

Poenika sampoeng koela rembag ing Sw. Tm. minggoe kapengker. Sapoenika badé ngrembag nomer:

3. Wanita ing béndjing badé dados tetimbanganipoen prija, dados kantinipoen ing sadjeg gesang. Mangka ing djaman sapoenika sampoeng nama djaman madjeng, mila ladjeng kaot kalijan roemijin-roemijin. Prija boten badé teroes saangsal-angsalipoen kémawon, nanging prija ingkang nglenggahi djaman inggih malih wanita ingkang oegi sampoeng madjeng. Inggih leres garwanipoen advocaat boten kedah wanita ingkang poetoès bab pangadilan; garwanipoen goeroe boten kedah wanita ingkang oegi gadah diploma goeroe. Nanging prija ingkang gadah kasagedan toewin pangkat mèksa pados wanita ingkang sekolahan.

Roemijin koela sampoeng ngandarken, bilih beboedènipoen (verstand) wanita boten njandak beboedènipoen prija. Kawontenan makaten poenika boten kénging kasoepèkaken déning para pandidik bangsa wanita. Poenapa malih menggahing wanita oetami aloesing lelagéan poenika dados nomer satoenggal, sebab poenika dados rerengganing tijang gegrija. Ananging sanadjan kados makaten kawontenanipoen, wanita ingkang gadah seserepan, langkoeng mikantoe katimbang kalijan boten.

4. Pangoela-wentahing bangsa wanita kedah ngèneti pangkat oetawipandamelan, ingkang badé linampahan ing béndjingipoen. Bab poenika sampoeng koela terangaken ngantos pandjang sanget. Wanita ingkang énggal gegrija, panggoela-wentahi-

poen temtoe kaot kalijan ingkang badé njamboet damel roemijin. Ananging kanggé satoenggal-satoenggalipoen kedah dipoenwonteni sekolahan oetawi jejasan, panggénanipoen wanita saged adjar.

Moegi-moegi para ingkang wadjab anggatosna prakawis sadaja ingkang sampoeng koela atoeraken ing kala warti Sw. Tm. ngriki, moegi-moegi kaetjakna ingkang sampoeng dipoensoemerepi, temtoe badé loemajan, moerakabi golongan wanita.

Noewoen. A.

IDJAB INGGANG DÈRÈNG OEMOER.

Tangga koela mentas gadah damel, manggihaken (mantoe) adinipoen èstri ingkang saweg oemoer ± 13 taon mlampah; angsal prijantoen poenggawa gadé pangkat Kasier oemoer ± 35 taon (tigang dasa gangsal taon).

Mangoeli sakedik. Tangga koela poenika awon-awon wedalan sekolahan (angka II kina), lan alit-alit inggih kalebet prijantoen, sarta tijang ingkang kadjèn-kéringan ing salebeting doesoeng ngrikoe, djalaran dados pitakènanipoen tetijang ngrikoe; dalasan Loerah doesoeng ngrikoe kémawon, manawi saweg kaman bingoeng, ingkang tinedanan pepadang inggih ngrikoe.

Déné larènipoen èstri ingkang kaidjabaken poenika laré sekolahan angka II saweg klas 3; poenika wangoenipoen bingah sanget déné angsal tijang djaler blandjan (prijantoen). Sepoehing laki wangoenipoen babar-pisan boten katingal, namoengprijantoenipoen ingkang mélok mantjorong (é, mbokmanawi); mangka tijangipoen djaler poenika sampoeng kawertos tijang oegal-oegalan, toer sampoeng doeda. Sanadjan doeda nèk doeda djalaran pedjah, boten dados poenapa; poenika boten makaten; nanging anggènipoen doeda, djalaran semahipoen boten gadah anak. (poenika tjarijosipoen pijambak; déné jektosipoen?). Samanten dajaniipoen prijantoen, sanadjan sepoeh, éwadéné . . .

Mangoeli malih. Kénging poenapa laré dèrèng ngoemoer, teka sampoeng kénging idjab, rak nganggé katjontokaken roemijin, ta? Kasinggihan sadèrèk, mila inggih makaten; tijangipoen koewatos, manawi katoelak, ngantos boten èstoe mantoe.

Nah, ingrikoe koela soemerep akalipoen; laré èstri dipoenwoeroeki déning modinipoen, mitoeroet pandangoeng pangooloe. Anggènipoen moeroeki inggih sarana katjoereng-tjoereng, kagetak-getak, kapaiben enz. kados déné jèn saweg kadangoe ing pangooloe. Wangsoelanipoen inggih dipoenwoeroeki pisan, sarta dipoentjarjosipoen soepados matok. Sigeg.

Sareng doemoegi dinten ingkang kanggé njontokaken, laré èstri lan modin sesarengan dateng pengoolon. Wonten ing rikoe laré èstri ladjeng dinangoe, plek kados pamoelangipoen modin, sarta inggih saged mangsoeli ingkang trep. Wasana tjara kiripoen pikantoe, laré èstri kaengelaken oemoer 16 taon.

Makaten sadèrèk, anggènipoen sami sakomplot.

Pengooloe poenika pandangoenipoen namoeng sarana ébahing lambé nginggil lan ngandap, boten medal saking boedi wening. Sampoeng terang, tjeta wéla² laré dèrèng ngoemoer, tiningalan woedjoedipoen kémawon rak sampoeng mélok.

Koela ingkang dados tangga wontenipoen namoeng melas (toer ingkang dipoenwelasi babar pisan boten ngraos), ladjeng toekoel gagasan ingkang boten-boten. Ingatasipoen tijang wedalan sekolahan, ingatasipoen prijantoen, modin lan pangooloe, kados makaten mangretosipoen dateng babagan idjab, poenapa malih toemrap sadèrèk-sadèrèk koela ingkang babar pisan boten mambet pasinaon.

Sadèrèk! Andandosi bab émahéng, poenika sapéranganing sarana kanggé njaekaken bangsa Indonesia. Sapoenika kados-poendi, soepa-

dosa bangsa koela Djawi, jèn ngidjabaken anak, sampoeng sami ngoemoer? Poenika boten sanès (é, gagasanipoen tijang tjoepet) Negari damela Wet, ingkang kinanténan antjaman oekoeman, ingkang toemoedjoe dateng:

1. Tijang sepoehing laré ingkang ngidjabaken anakipoen èstri dèrèng ngoemoer.

2. Tijang djaler, ingkang mendet semah laré èstri ingkang dèrèng ngoemoer.

3. Modin ingkang sekakel kalijan tijang no. 1.

4. Pangoeloe ingkang ngéngingaken idjab laré èstri ingkang dèrèng ngoemoer.

Poenika panggagas koela tijang tjoepet; toemrap ingkang kawogan soemangga.

Oepami Negari netepaken wèt kados atoer koela waoe, poenapa bebajianipoen? Soemangga sami dipoentandangi.

Njoewoen samodra pangakasama. Raga semangsang.

Ngitjali idjab dèrèng ngoemoer poenika koela tjoetjog, ananging bab burgerlijke stand kedah dipoentatoer sajektos, soepados gampil panggoeroesipoen, poenapa laré jektos oemoer semanten poenapa boten. Red.

KOEROE SÈTRA.

„DJAGI-POERA.”

Dèrèng — poenapa — boten — mangertos!

Lo, poenapa poenika! mangga ladjeng!

„Malah itoe Zendeling-Zendeling datangnja disini tidak pertama kali membawakan keselamatan bagi anak-anak negeri, meskipun alasan-alasan yang menggerakkan mereka bertinggal disini ada lebih tinggi sifatnja dari pada alasan-alasan orang-orang pedagang dan pemboeka tanah.”

Makaten tjarijosipoen: S. wonten ing SRI no. 47. Para maos, ingkang njipati, pirsas, sapinten padamelaning missie—inggih R.K. inggih Protestant — ingkang ladjeng katjaroe: Zendeling, temtoe boten tegel mriksani tetemboengan makaten.

Ngroedatos malih, ngèmoeti tebanipoen SRI soemehar ing gotrah Noeswantara, lan dados: soeloehing ra'iat;

kèmoetan bilih tetemboengan waoe tinampi sadaja pamaos SRI dipoenpitados saèstoe adamel kirang prajogi, mesakaken ingkang dados lésan.

1. Para maos pirsas, poenapa kersaipoen, pandamelanipoen para: Rama kita wonten ing ngriki — moelang-moerok — nedahaken — margining kaoetamèn — „amrih kawilodjenganing soekma.” — kawilodjengan langgeng.—

Poenapa poenika sanès kawilodjengan?

Poenapa boten pirsas? Poenapa dèrèng pirsas?

2. Para maos pirsas oegi — sapinten kadhipoen anggènipoen toemoet ngadhjengaken bangsa — damel sekolahan pinten-pinten, inggih ingkang andap — tengahan — volkscholen — standardscholen — H. I. S. en — M. U. L. O. scholen. A. M. S. . . . lo, malih: damel, jasa roemah sakit pinten-pinten nampi sadénging bangsa, sadénging pangkat;

Poenapa poenika nama, oegi boten toemoet adamel wilodjenging bangsa?

3. „Poenapa doemèh namoeng samanten? émoet. Prijantoen waoe mrikinipoen saking kadjengipoen pijambak — nganggé kantongipoen pijambak (boten dipoenpandoemi boten karèt, rosan) — oetawi malih sadaja waoe dédè kadjengipoen prijantoen-prijantoen waoe — sadaja waoe sanès toedjoe — nanging: srana, déné toedjoe i.p. no. 1 waoe. Poenapa inggih dèrèng pirsas labetipoen pakem. Melania, lan pakempalan ing Negari Wlandi ingkang toedjoenipoen: nglempakaken arta preloe ngragadi laré Djawi ingkang badé ngladjengaken sinaoe boten gadah ragad?

Poenapa SRI boten ngertos sadaja poenika? poenapa dèrèng ngertos sadaja poenika? Poen Djoemeneng: Soeloeh pantjenipoen kedah ngatos-atos







1. *Goenoengan* kaanggé lantjip, poenika preloenipoen soepados para ingkang ningali sami lantipa boedinipoen. Ing salebeting goenoengan wonten gambaripoen kakajon, poenika mrasemoni kareping manoengsa. Kajon waoe ginoebet sawer, mrambangi panggoebeding panggoda. Moenjoek lan loetoeng, ateges kasoektjèn, déning kéwan kakalih poenika kala djaman kinanipoen kaanggep kéwan soetji. Gambar kemamang, toewin tatit: pikadjengipoen papadang oetawi obor. Gambar bantèng ateges karosan, déné sima kadjengipoen: prabawa. Gambar grija prelambang kaantepaning satoenggal-toenggaling tijang. Danawa poenika tegesipoen angkara moerka, inggih hawa nafsoe ingkang midjil saking pantjadrija. Gegaman ingkang pinoendi soeraosipoen: kentjenging panggalih saged medjahi oebaling nafsoenipoen pantjadrija.

Dados sadaja waoe manoet pamedar sabda kénging sinoeraos:

„wong doewé kakarepan pantjèn akèh roebédané. Nanging adja moendoer, awit koewé riniksa moenjoek lan loetoeng, tatit karo kemamang, bantèng karo matjan. Angger kowé kentjeng karepmoe, mesti bisa nji-rep oebaling hawa nafsoe, satemah si omah bisa madeg déwé, kasembadan apa kang dadi sedyamoe.”

Wonten sawenèh ingkang negesi gambar-gambar ing salebetipoen goenoengan waoe awawaton kératobasa, makaten: Loetoeng ateges: apa-apa sing ko-oeloe étoengen. Moenjoek: begdja moenjoek-moenjoek teka déwé. Kemamang ateges adja mamang, sing kentjeng karepmoe! Oela, dapoer pamoe dji soepados tjarijosipoen saged pandjang kados sawer. Bantèng lan sima, poenika gambaripoen ingkang jasa ringgit: santosa amrabawa! Wit-witan: samoebarang ana wiwitané. Ron toewin oewoh: samoebarang ana wohé.

Badé kasambet

# OERAP-SARI

## KABAR KATHOLIEK.

### Nata Italie saèstoe sowan dateng Vatikan.

Kala tanggal 5 Desember, Sang Nata Italie sakalijan pramésuari èstoe sowan martoe wi dateng Vatikan, niti kréta kantjana. Lalampahan poenika pantjèn pantes pinèngetan, margi saplok wonten rembag Romeinsche Kwestie doemoegi sapriki, dados sampoen 69 taoen, saweg sapoenika Nata Italie katingal wonten Vatikan.

Sang Pramésuari dipoenparingi tasbèh djené pinatik sosoty, poenapadéné gambar dalem Dèwi Marjiah tedakan saking gambaranipoen Raphael.

Déné Sang Praboe dipoenparingi petèn pèni damelanipoen Beltrani isi kalempakan arta ing poendi-poendi gadahanipoen Vatikan, tjatihipoen sawan, mawi gagambaran saé. Kadjawi poenika dipoenparingi petèn alit isi medali salaka, djené toewin proenggoe, ingkang medalipoen mligi kanggé mèngeti woedaring Romeinsche Kwestie.

Déné Sang Nata Italie ngatoeri pangèngèt-èngèt awoedjoed Salib kagem wonten djadja, wedalan kina tinaretès ing bariljan. Kadjawi poenika ngatoeri Salib alit tilaran saking Kraton Savoye.

Narèndra kekalih poenika anggènipoen wawan pangandika namoeng kalih dasa menoet. Sang Nata Italie kalijan Pramésuari wonten Vatikan inggih sowan dateng Grédja St. Pieter, sarta sami sembahjang wonten ngrikoe.

Katjarijos, manawi tanpa alangan ing awaling taoen ngadjeng, ngarsa dalem Kg. S. Rama badé malesi pisowanipoen Nata Italie waoe.

### Soedjarah sapisanan lan mbreka hi goewa Sendang-sana.

Hanon, martosaken: Anglèresi raja dalem Dèwi Marjiah Pinoerba tanpa dosa asal, lan 75 taoenipoen kanjataan waoe kakejakaken ing P. Soetji (8 Desember '29), goewa pepetan Lourdes ing Sendang-sana (Promasan) kasoetjèkaken ing Pandjenganipoen Rama Soepèrijor. Sababaripoen ndèrèk Mis Soetji, tijang Katholik sadaja ± 1300 sami arak-arakan dateng goewa, samargi-margi sami sembahjang. Rama Prenshtaler ngandikakaken, jèn wekdal poenika djangkep 25 taoen nalika Soewargi Rama van Lith mbabtis tijang ngrikoe ± 400, nganggé toja ing sendang ingkang doemoenoeng sanga-djenging goewa.

Ladjeng menjanji (zangers saking Moentilan) lan sembahjang katoer Dèwi Marjiah.

\*\*\*

### Barnabas Sarikrama, tijang Djawi sapisanan ingkang kaparingan noegraha dalem K. Santo Rama, woedjoed medali djené.

Pijambakipoen poenika goeroe agami Kalibawang ingkang sampoen 25 taoen mitoeloengi Missie. Pramila I. S. K. Santo Rama Pius XI maringi pratanda. Menggah woedjoed medali katjirènan Potrèt dalem K. Pius XI, déné soewalikiipoen sineratan „Bene merenti” (teges: Kanggo wong sing gedé lelaboehané); sanginggilipoen tjiri wapen dalem (Her wapen des Pausen). Medali waoe kaparingaken déning Rama Soepèrijor pijambak. (ing salebetipoen noetjèkaken goewa).

Kita Katholik wadjab ndèrèk bingah-bingah, lan ngèngèt-èngèt noegraha ingkang tjoemlorot saking tanah Roem waoe.

tholiek ing groep Medari sak-saged-saged badé ngempa dados satoenggal wonten ing Lodji, badé sesareng mahargja dinten ageng Decem-beran, programanipoen: djam 8 nglempak, ladjeng sembahjang sesarengan, noenten voordracht bab mijos Dalem G. J. wasana medal pasoegatan teroes mirsani petilan wajang saking pakempalan Beksa wiwara tama, (goeroe-goeroe) lan wajang djembloeng soembangan saking sadèrèk ndjawi, kinten<sup>2</sup> djam 3 of 4 sonten kadamel bibaran.

\*\*\*

### Tjekakan verslag Missie ing groep Medari ing salebetipoen th. 1929.

1. Sekolah volkschool tambah 3 idji.
2. pakempalan tambah K. W., débatingclub, lan sinaoe bekasa.
3. Jasan (gebouwen), grija sekolahan Toeri 4 kamar, grija sekolahan doesoan 1. (Ketjemé).

Grédja Medari mindak wonten boek, soemoer, koelah lan èmpèr pit.

Cursus daloe. Ing Standaardschool Medari cursus daloe wonten moeridipoen 100, sami sinaoe Welandi, aksara Latin lan aksara Djawi. Wanita Katholik sampoen gadah cursus sonten djam 4 t/m. djam 5.30. moeridipoen para prijantoeen poetri garwanipoen para prijantoeen ing Medari sampoen wonten prijantoeen 15 manggèn ing dalemipoen sadèrèk Soeprapto.

Ing doesoan sanès, oegi sami wonten cursus daloe katjèng ing personeel missie radin-radin moeridipoen 20 sami tijang sepoeh-sepoeh.

Prakawis ingkang perloe dipoen-prihatosaken,

1. sak wenèhing sekolahan doesoan wonten ingkang tjatjahing moeridipoen moendoer.
2. Djoemedoeling circular „Canisius” bab: oekoemanipoen para goeroe-goeroe missie dateng moeridipoen.
3. Bab kiranging personeel missie ing groep Medari, ingkang perloe ngopèni tetijang ingkang sampoen Katholik lan ingkang badé dados Katholik, katah papan ingkang mbelahaken piwoelang Agami, nanging boten saged njoekani, djoeroe moelang ingkang gandum.
4. Lebeting tijang Katolik dateng Grédja radi kendo, poenika toemoesipoen No. 3.

Pakempalan-pakempalan Medari, kadosta Pangroektilaja, K. W. kerkbestuur, enz; saweg sami riboet damel jaarvergaderingipoen.

\*\*\*

### Bab Jeugdorganisatie Medari.

Ing Standaardschool Medari, moerid-moeridipoen sami dipoen-gladi bab pakempalan.

Wonten laré pepilihan sekolahan ngrikoe kirang langkoeng 20 sami mangoen organisatie dipoenpimpin T. Kresnahamidjaja (Soedahad). Laré 20 waoe dipoenwoelang bab-bab ingkang gegajoetan kalijan pakempalan. Oep:

„Apa tegesé: Voorzitter, Secretaris, Penningmeester, enz.

Kaprijé koewadjabané pangrèhing koempoelan.

Statuten lan M.R. ikoe apa? Contributie, éntre ikoe apa, lan tandjané kaprijé, donateur, eerelid, beschermheer ikoe apa? Comité ikoe apa? Kaprijé tjarané wong nganakaké koempoelan. Perloené koempoelan. Sarta laré-laré waoe dipoen-gladi voordracht wonten ngadjenging tijang katah, dipoenbidji ing goeroe-goeroe, ingkang saé pijambak mondelingipoen lan wiranganipoen gine-man wonten ngadjenging tijang katah, angsal prijs, poenika toemindak kala-kala jèn pinoedjoe ngaso, mawi dipoesedijani koersi inggil.

Ing ngriki para goeroe nggladi sageda para moerid ing tembé saged gampil lan trampil nglairaken gagasanipoen wonten ngadjenging tijang katah. Wiwitan katah ingkang nggragap, ndredeg, glogap-glagep, enz. nanging sapoenika sampoen katingal wonten wohipoen, malah wonten ingkang sampoen katingal kanggénan sesipatan Mussolini: mangsoeli pitakènan saged tjeg del. Koela nginten laré waoe jèn saged angsal didikan pemimpin ingkang sampoerna, saged dados.

Sanadjan laré waoe tembé gesangipoen namoeng agegaman cursus Standaardschool, pandoe gi koela saged dados pemimpin, ngoengkoeli ingkang langkoeng inggil diplomanipoen, awit saknjatanipoen tijang saged dados pemimpin poenika boten pandang diploma.

Moerid-moerid waoe sapoenika sampoen gadah pakempalan nami: „Mardi koepija” moegi toeloesa soeboer.

# ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

NEUTRAAL!!!!

Saking neutralipoen, ngantos „Bahagia” (Actienipoen „Bahagia”).

—o—

Neutral, poenika gagajoehanipoen koran *Bahagia* ing Semarang. Neutral, dados sasantinipoen sadèrèk ing Komidistraat!

Nanging, . . . . . saking neutralipoen ngantos prakawis ingkang sampoen genah kémawon dipoen-godjag-gadjegi!

*Bahagia* no. 273 tg. 7 December, wonten artikel „Europeanen als hospitant in Indië” ngewrat pamanggihipoen dr. van Blankensteyn, petikan saking *Volkscourant*. Artikel waoe, pandoe gi koela damelan redactie.

Sasampoenipoen sakedik-kalih-kedik mantjahi pamanggihipoen toewan Blankensteyn, wonten tengah-tengahing artikel, *Bahagia* tjarijos makaten: „. . . . . Apa ada Goesti Allah bisa mengadili? tidak ada barangkali, sebab sampai di ini hari kalau kita tidak berboeat apa-apa, Indonesia djoega akan tinggal begitoe, begitoe sadja. Dari itoe, seroan kita bekerdjalah. . . . . Tidak ada yang bisa dipertjaja selainnja kekoesa'anmoe sendiri. (N.B. Dojonging aksara déning P.M.).

Dados, *Bahagia*: I. Rangoe-rangoe ing manah: „Goesti Allah sing bisa ngadili koewi ana apa ora?”

Pitakèn makaten poenika, sampoen kénging kanggé ngoekoer neutraliteitipoen *Bahagia*.

Sampoen wola-wali Patjar Mérah anerangaken: kita anggadhahi wasijat saking loeloehoer kita woedjoed pangandel dateng wontening Allah satoenggal. Mila manawi wonten bangsa kita, ngoengkiri wontening Pangéran, poenika ateges amboetjal wasijat loeloehoer. (—Poenika boten ateges bilih sadaja tilaraning loeloehoer kita, kedah dipoenalloeri!—).

*Bahagia* pijambak kerep sanget angèngtaken bangsa nriki soepados netepi Wétanipoen! Nanging sapoenika, (sadjak) ngoengkiri tatalès Wétan ingkang bakoe pijambak!

Koela taksih kèngetan (—nanging kesoepeèn wonten *Bahagia* nomer pinten—), koran Semarang poenika moengkel makaten: „*Wij Indonesiërs zijn broeders van één God!*” Nanging sapoenika sagedgadahi pitakènan makaten! Poenapa poenika ingkang dipoenwastani *sendjata makan toewan?* É, apa kedajan panasé koeta Semarang, kimboehan panasé ketiga dawa? „Goesti Allah ana apa ora?”

*Bahagia* mangsoeli: „*Barangkali tidak ada!*” Wangsoelan makaten poenika sampoen anjaketi dateng „Goesti Allah ora ana!” nanging

taksih kamoran manah tida-tida! Soenggoeh kasihan! Mangga sadèrèk, koela atoeri njatitèkaken sadaja ingkang goemelar wonten djagad poenika! Mangga koela atoeri maos „*Kitab Dalem Pangéran*” (djagad) ingkang sabèn dinten pandjenganan sanding, pandjenganan soemerepi, nanging boten naté pandjenganan waos! Mangké, pandjenganan mesti boten doemoenoeng wonten alam godjag-gadjeg makaten!

„Goesti Allah ana apa ora?—” Barangkali tidak ada! Sebab sampai di ini hari kalau kita tidak berboeat apa-apa, Indonesia djoega akan tinggal begitoe, begitoe sadja!

Poenapa makaten poenika sampoen kénging kanggé amaton: ora ana Goesti Allah?

Sadèrèk ing Semarang! Wonten koeli onderneming tjarijos makaten: „Administrateur koewi odak ana! Sebab, nèk akoe odak njamboet gawé ja odak olèh doewit!” Poenapa wawatonipoen koeli onderneming makaten poenika inggih pandjenganan leresaken?

Wonten moerid tjarijos: „Goeroe koewi rak dak ana! Awit, nèk ndok sekolahan akoe odak noelis odak barang, ja isèh adjeg baé kaja dèk akoe lagi mleboe sekolah!” Poenapa wawaton makaten poenika pandjenganan leresaken? Manawi kaleresaken, pandjenganan tetep koela wastani *loetjoe!*

\*\*\*

II. „*Tidak ada yang bisa dipertjaja selainnja kekoesa'anmoe sendiri!*” Dados koewasaning salira pribadi, poenika toemrap *Bahagia* sampoen asipat inggil pijambak!

Redactie *Bahagia* semoenipoen kesoepeèn jèn èbahing badanipoen pijambak *boten* kawasésa déning salira pribadi! Kesoepeèn bilih gesanging manoengsa *boten* pinoerba déning angka prijangga!

Poenapa prijantoeen *Bahagia* boten naté mireng tijang pedjah, boten naté mireng tijang pedjah dadakan? O, oepami njata koewasaning sarira pribadi boten kalindih ing pangawasa sanès, tijang waoe mesti mogok boten poeroen pedjah! Inggih pedjah poenika prijantoeen ingkang *melèhaken* titah ambeg koemawasa, ingkang moengkel: „Tidak ada yang bisa dipertjaja selainnja kekoesa'anmoe (koe) sendiri!”

Semanten roemijin!  
Kumuningsasèli 9 October '29.  
Taklim: PATJAR MÉRAH.

## KABAR OEMOEM. INDONÉSIAH.

### MISSIE LAN GOEROE MISSIE. BAB: SCHOOL ACTIE \*)

Kados-poendi gandèngipoen kalih bab ing nginggil poenika?

Tjubi, leres lepatipoen soemangga para maos: leres dipoenagem, lepat dipoenboetjal. Sepisan. Gandèngipoen kados déné rama lan poetra.

Kaping kalih, kados déné madjikan lan berahipoen.

Jèn kalih-kalihipoen dipoenoled dados setoenggal ladjeng nami, anak boeroeh doewé bakap.

Koela sami nampi lan nindakaken dedawoehan rama, déné rama ngotoes oetawi dawoeh poenapa<sup>2</sup> dateng koela, kanggé kabegdjan koela sadaja sak anak-poetoe.

Jèn makaten koela para goeroe missie kedah toemandang kados-poendi, oetawi nganggèp kados-poendi dateng koewadjaban koela sadaja?

1e. Kedah toemandang sengkoe, temen, toememen lan ngenem-emeken.

2e. Toemoet mikir lan ngenam-enam nalar moerih tebaning missie saja wijar.

3e. ngGladi kaprijelan soepados samangsa-mangsa wonten preloe, kita saged soemoeli anggentosi pakarjaning missie.

Inggang kaseboet ing bab 3. poenika kanggénipoen wekdal sapoenika langkoeng déning perloe.

Pramila para sadèrèk goeroe-goeroe missie toewin sadaja kadang Katholik Indonésiah djaler éstri enèm sepoeh saja ingkang ginandjar redjeki agoeng déning Goesti Jésoes, sadaja kémawon boten mawi milih lan mestani. Mangga sami énggal-énggal adjar proef, njinaoe ngemoedèni missie asarana toemoet ngemoedèni oetawi ndamel énggal sekolahan-sekolahan, dokteran-dokteran, roemah miskin, ndamel grédja-grédja, goeroe agami enz. poendi ingkang saged dipoentandangi roemijin.

Poenapa ngendika déring kijat? Saking sekdik waton adjeg tambah lan gesang, mangké rak kijat, koela atoeri ngèntèni, se-pinten-kekijatanipoen tilikan kenari, kloewak, kemiri, se-pinten agenging tikilaniipoen, lan kados poenapa atosing tjangkokoipoen: déné kok inggil danqoe-dangoe saged ndjebol toewoeh ngremboeng.

Koela mireng para sadèrèk ing Madjoeen sampoen miwiti mbikak sekolahan, la rak ngaten! poendi malih! Ing papanipoen ingkang ngotjèh poenika (Medari) inggil sampoen m a k r e d j o e t badé toewoeh antjas makaten waoe, sokoer, mangga sanès panggénal! Nanging wawasan koela antjas makaten waoe prajogi dipoendamel mangoenggil, dados sak bebadan, boten patjing prentjil dlemok

tjoeng, ladjeng njoeda kekijatan, temah woeroeng. Kados oepaminipoen ing Medari toewoeh antjas ingkang saé waoe. Toewoehipoen adreng, nanging doemoenging ngendon metjotot, sabab saking kirang kekijatan. Jèn ngantos antjas waoe woeroeng poenapa boten éman sanget. Mangké gèk sanès panggénan wonten malih antjas kados Medari, nanging inggih namoeng plembang-plembang kémawon, la rak memelas.

Toemrap Medari, koela wawas, rèhné koela tjelak, jèn actienipoen waoe èstoe badé dipoentandangi pijambak boten angsal pambijantoeen saking sanès panggénan, kados oepami saking kita, Ngidjon, Kalasan, Moentilan enz. sadjakipoen namoeng badé kados laré alit adjar noempak pit ingkang soekoenipoen tjoept, temah pidjer dawah glanggaran. Hla poenapa namoeng badé sami dipoenpirani oetawti dipoen-gegoedjeng? temtoe pandjenganan sadaja boten tjeg. Groep Medari sanadjan oepami boten kijat ngongkat actienipoen, éwasemanten glagadipoen kok boten badé moendoer sak-ramboet, teksih teroes badé ngoedi, adedasar l o e w e s, njarah rowang, liripoen: mbijantoe inggih poeroen, dipoentantoe inggih boten wegah toemandang. Èstoe, djandji dipoenbijantoe para kadang R. K. ing poendi-poendi. Medari saged mbikakaken sekolahan-sekolahan oetawi jasan sanèsipoen.

Mangga, poendi lan sinten? Mendoet bijantoe, poenapa ambijantoe Medari. Sampoen ngantos ora kabèh, oetawi emoh kabèh lol jèn pandjenganan moendoet bijantoe, koela atoeri ndamel comité bab poenika wonten ing papan pandjenganan ngrikoe, mangké comité Medari badé mbijantoe sarana kintoen, réka oetawi arta. Déné jèn pandjenganan badé ambijantoe karsaa dados consul comité Medari wonten ing papan pandjenganan, ladjeng kintoen réka oetawi arta dateng Medari.

Mangga rembag poenika dipoenramèkaken wonten Swaratama ngriki lan oegi kénging lelawaan pijambak dateng comité Medari p/a sadèrèk Martodeksono Mantri goeroe Medari.

T a m b a h a n, kanggé tetandingan: 1. Sadèrèk golongan Protèstan sampoen miwiti, nglijer sekolahan Zending, Standaardschool Klitren (Jogja). Roemijin kaeroes déning Zending, sapoenika déning bebadaan saking sadèrèk Protèstan Djawi.

2. Wonten kabar ing Patalan kidoel kita Djokja, ing ngrikoe diwja Protèstan namoeng ± 130 sampoen saged ndamel grédja pijambak begrooting f 3030, kabikak nalika 22 October 1929, voorbereidingipoen namoeng 5 th.

3. Prambanan, diwja Protèstan 90, voorbereiding 3 th., saged damel grédja regi f 3060.

4. Ngajodja, sampoen saged njanggi 2/3 ning ragadipoen Dominé Djawi, ingkang blandjanipoen f 95.

Golongan M. D. saja sampoen kijat malih. Mangga-mangga para kadang Katholik, sampoen kasèp.

Draadloze telegrafie Medari.

\*) Ngèntèni roepaking papan, lan mékani sampoen ngantos andjaril seling-terep, karangan poenika kepeksa wonten pérangan ingkang koela tjali oetawi koela ringkes. Moegi sadèrèk „Draadloze telegrafie Medari” sampoen gerah ing penggalih. Red.



**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

**DJOKJA BANDOENG**  
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja  
**SWARA TAMA,**

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN  
SAÉ TOEWIN AWÈT  
INGGIH NAMOENG

**MERK GAZELLE**

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON }  
DUNLOP } RIJWIELEN  
R. I. W. }

Nitjil kènging! - Kentjèng soekoer!

**GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG**  
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

**KALAU BELI OBAT - OBAT**

**DJOKJA** mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga kesèhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar **DJOKJA**  
**Djangan beli sama sekali.**

Obat-obat keloearan roemah<sup>2</sup> obat

**MALIOBORO** „RATHKAMP” **MALIOBORO**  
soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

**DJOKJA** „RATHKAMP” **DJOKJA**  
tangoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP” dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

†

**NGATOERI WOENINGA:**

BILIH TANGGAL 27 NOVEMBER 1929,  
DJAM 4.10 ÉNDJING, ANAK KOELA ÈSTRI  
INGKANG NOMER GANGSAL,  
Rr. CELINE POETRIAH

OEMOER 10 WOELAN KAPOENDOET  
WANGSOEL DATENG DJAMAN KALANG-  
GENGAN.

Koela tijang sepoehipoen  
F. SOEDJADI  
C. MOES.  
Randoeblatoeng.

**TOKO DJOEN & Co.**  
PATJINAN TELEF. NO. 374 DJOKJA.

BOEWAT MERAJAHKEN  
**HARI RAJA ST. NICOLAAS.**

Kita baroe trima:

CHOCOLADE - LETTERS,  
CHOCOLADE - FIGUREN,  
CHOCOLADE - LUXE DOOZEN BONBONS,  
dan lain - lain.

Djoega selama bisa belie:

≡ KOEWEEH<sup>2</sup> SPECULAAS ≡  
djoega bisa die trima pesen seharie die moeka  
≡ FRAAIE BOTER LETTERS ≡

Boewat pesenan koeweeh speculaas lebih darie 10 pond, die reken banjak lebih moerah.

MEMOEDJIKEN DENGAN HORMAT:  
**TOKO DJOEN & Co.**

**TOKO BARANG-BARANG.**  
**H. SPIEGEL - DJOKJA.**

BOEAT KEPERLOEAN ST. NICOLAAS:  
kami ada sedia:

roepa-roepa dolanan bagi anak-anak  
moelaï harga 15 cent sampai f 40.

OENTOEK KEPERLOEAN KERSTMIS,  
kami ada sedia:

matjem-matjem barang boeat geschenk;  
Kerstboomen dan perhiasan Kerstboom  
Sekolahan-sekolahan dan perhimpoean-perhimpoean,  
bisa terima potongan harga.

**O. L. Mij Roekti Woeri**

Sinten ingkang badé ndjagi salira lan garwa poetra, loemebet dados warga

**ROEKTI WOERI**

Moendoeta katrangan dateng

Pangrèh L. JAMA }  
M. P. SOEMANDAR } **DJOKJA.**

Ngatoeri priksa dateng para kadang lan kawanoehan, bilih nalika tanggal kaping 26-11-29 koela sampoen kaparingan anak ingkang angka satoenggal, lahir èstri. Koela namakaken

Rr. CATHARINA SOETJIATI.  
D.K. 13-12-29.

Chr. SOERATIN }  
St. SOEPOMO } **MARDISOEWIGNJO.**

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA

Ambarawa 6.30 - 8.30.	Lamah 5.30 - 6 - 8.	Pekalongan <sup>5)</sup> 7.30.	Soerabaja:
Amboina 7.30.	Lawang <sup>5)</sup> 7.	Pemalang <sup>3)</sup> 7.30.	Kepandjen 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api 7.30.	Madioen 6 - 7.30.	Pemangkat 8.30.	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng 6 - 7.30 - 9.	Magelang 7 9.	Poerwokerto 7.30.	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen 7.30 - 9.	Malassar 6 - 7.30.	Poerworedjo 7 - 8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar 7.30.	Malang 6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak 7 - 8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6 - 8.	Manado 6 - 7.30.	Probolinggo 7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon 7.30.	Medan 6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga 7.30.	Tara-Tara 7.30.
Djember 7.30.	Medari <sup>6)</sup> 9.30 (mal.).	Sambas 6 - 8.30.	Tegal <sup>2)</sup> 7.30 - 9.30.
Djokja:	Medan 7.30.	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7 - 9.	Meester Corn. 7 - 9.	Sawah Loento 7 - 8.30.	Tjilatjap <sup>5)</sup> 7.30.
Jav. 6 - 8.	Mendoet 6 - 7.30.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6 - 8.
Kota Baroe 6 - 7.30.	Modjokerto 6 - 8.	Sedjiram 5.45 - 8.30.	Tomohon 7 - 8 - 9.
Djombang <sup>1)</sup> 7.30.	Moentilan 5 - 6 - 8.	Semarang:	Wates <sup>4)</sup> 7.
Fort de Kock 7.30.	Muntok 8.	Gedangan 7 - 9.	Weltevreden:
Gandjoeran <sup>2)</sup> 7.	Ngawi <sup>7)</sup> 7.30.	Bangkong 6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Gombong <sup>3)</sup> 7.30.	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi 7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn <sup>4)</sup> 7.30.	Padang Pandjang 7.30.	Randoesari 7.	Wonosobo <sup>8)</sup> 7.30.
Kediri 7.30.	Pajakoembo 7.30.	Singkawang 6.30 - 9.	Woloan 8.30.
Klatèn 7.30.	Palembang 7 - 9.	Soekaboemi 6 - 7.30.	
Koeta Radja 6.30 - 8.	Pasoeroean <sup>1)</sup> 7.30.		

1) 1e. Achad. 2) 2e. Achad. 3) 1e., 2e., 4e. Achad. 4) 3e. Achad.  
2) 1e. + 3e. Achad. 4) 1e. Achad tiap<sup>2</sup> doea boelan. 5) 2e., 4e. Achad. 6) 4e. Achad.

**MANTJA NAGARI.**

**TIONGKOK-ROESLAN.** Pasoelajani-poen Tiengkok kalijan Sovjet bab Oostersche Spoorweg kala 3 Dec. sampoen saged rampoeng. Roekoenanipoen sami katanda tangani wonten Nikolsussuriisk déning wakil Roeslan Simanovsky kalijan wakil Tiengkok Thsai Yun Shen. Tiengkok lestantoen angentjengi, soepados sanadyan pranatan ing dalem Oostersche Spoorweg kawangsoelaken kados waoe-waoenipoen nanging sampoen ngantos pisan<sup>2</sup> Roeslan la-djeng nandjakaken Oostersche Spoorweg kanggé propagandah kominis.

Sanadyan pasoelajan kaseboet nginggil sampoen saged dipoensihaken poenapa Tiengkok sampoen tentrem? Dèrèng padja-padja, djer doemoegi sapriki pasoelajani-poen sadèrèk sami sadèrèk dèrèng kèndel. Manoet tilgram Aneta saking Hankow 5 December, wadyabalanipoen nagari kalijan para brontak, mentas sami tjampoeh. Wadyabalanipoen kraman sadèrèngipoen poenika, ngrabasa sakidoelipoen kita Honan toewin sakidoel-kilèn Hoepèh. Semanten oegi wonten satjaketipoen ltsjang inggih sami tjampoeh sakalangkang ramé.

Tilgram saking Shanghai 5 December, njarijosaken golongan kraman dipoenpangandjoeri Shi Yoe San. Tjatjahipoen ingkang toemoet ngraman langkoeng saking 30.000.

**AMERIKA Maboer dateng Pool Kidoel.** Kala 29 November, Byard maboer dateng Pool Kidoel, kalijan Berni Balchen (toekang nglampahaken kapal oedara), Harold Jun (marconist) toewin kaptin Ashley McKinly djoeroe motrèt. Anggènipoen maboer saking Klein Amerika. Salebetipoen maboer (24 djam)

tansah gandèng sarana radio kalijan serat-serat kabar ing New York. Tg. 30 November, Byard sampoen wangsoel dateng Amerika Alit kanti wilodjeng, sarta pikantoeke pambagja pinten<sup>2</sup> kalebet oegi pambagjanipoen President Hoover. President Hoover ngalembana kekendelani-poen Byrd, lan mongkok déné kase-nenganipoen bangsa Amèrikah lanana andjadjah-djadjah taksih lestantoen.

Nalika maboer dateng Pool Kidoel waoe, Byrd saged manggih poelo-poelo énggal wonten satjaketipoen Pool ngrikoe.

**Kekiranganing waragad Pos.** Manoet palapoeran, wonten akiring taoen-paas i.p. 30 Djoeni, kekiranipoen waragad pos wonten 85.461.000 dollar; mangka kala taoen kapengker namoeng 32.121.000 dollar. Kekiranganing waragad waoe kabekta saking indaking bajaranipoen poenggawa pos lss.

**Lisah patra.** Para dirèktoering pabrik lisah patra sami anggadahi sedyo manoenggilaken onderneming-onderneming lisah patra. Manawi saged laladan-laladan lisah patra soepados dipoenpelik maatschappij<sup>2</sup> lisah patra ing Amèrikah.

Amerikaansche Petroleum Instu-tuut badé dipoenpilih-pilih dados tigang golongan: i.p. golongan ingkang melik, golongan ngresiki, lan golongan njadé.

**Pamanggihipoen Edison.** Edison anggadahi pamanggihi saged damel karèt damelan. Ingkang kadamel roempoet ing Amèrikah ingkang ing basa Walandi kawastanan „gouden hengel.” Karèt waoe tjalon pikantoeke 16 Amerikaansche dollar-centen ing dalem saepoen.

**Ontran-ontran ing HAITI.** Kala 7 December poenika, kita Aux-cayes dipoenrangsang bangsa Haiti katahi-poen 15.000 mawi dedamel gembel lss. Mantros<sup>2</sup> bangsa Amèrikah sami toemandang, adamel pedjahi-poen tijang 5, lan natoni tijang 20.

Amèrikah ngintoeni wadya-bala laetaan katahipoen 500, kanggé njodijani samangsa wonten preloe. Departement Marine ngintoenaken motor maboer kalit saking Quantico dateng Port au-Prince. Tetijang èstri toewin laré-laré bangsa Amèrikah ing Auycayes (sakilèn Jacmel) sami késah saking ngrikoe.

Datenging wadyabala Amèrikah adamel mendaning kawontenan.

**Pamedal wadja.** Pabrik wadja Bethlehem Staal Corporatie badé ngelar tebanipoen doemoegi Amèrikah ingkang sisih Kilèn: Californi Kidoel, pasisir Pacific, lss. Setaoen-taenipoen pabrik waoe tjalon ang-sal wadja reged 380.000 ton.

**Hoover medar sabda.** Salebetipoen minggo kapengker, presidèn Hoover medar sabda wonten Congres (kabinèt ing Amèrikah) ngantos 12.000 temboeng. Wonten ngrikoeng njarijosaken kamadjenganipoen Amèrikah bab warni-warni: Hoover njarijosaken bilih samboetaning nagari sanès dateng Amèrikah sapoenika wonten 11.578 mljoen dollar.

Samboetan samanten poenika, manoet rantjangan salebetipoen taoen '30 Amèrikah tjalon saged pikantoeke tjtjilan 239 mljoen dollar. Pakarjan montor maboer, ing saben dintenipoen mlmpah tebihipoen rantjak 9000 mil. Sataoen-taenipoen Amèrikah saged ngedalaken masin maboer 7500.

Kadjawi poenika Hoover taksih

anjarijosaken bilih nagari-nagari-ingkang sami nanda tangani beda-men Kellogg doemoegi dinten poenika sampoen wonten 54; lss. . .

**BARITANIJAH. Montor wedalan Amèrikah.** Inggris tjalon andatengaken montor wedalan Amèrikah ngantos joetan, lan wonten ngrikoe badé kasadé kalijan mirah sanget, langkoeng mirah tinimbang reregèn sapoenika.

**Dankbaarheidsfonds kanggé mèngeti danganipoen sang Praboe.** Margi sang Praboe ing nagari Inggris dangan saking anggènipoen gerah santer, ing ngrika wonten fonds kanamakaken „Thanksoffering Fund.” Fonds waoe saged ngalem-pakaken arta 689597 pondsterling (langkoeng saking woloe saprasakawan mljoen roepijah). Arta poenika badé dipoendoemaken dateng grija sakit pinten-pinten, saha kanggé toembas radium.

**Matesi wedaling tèh.** Manoet *Financial Times* Inggris anggadahi oesoel matesi wedaling tèh; oesoel waoe sampoen dipoensaroedjoeki para soedagar tèh ing Hindija-Inggris toewin Ceylon.

*Financial Times* metik oenglipoen *De Telegraaf* ingkang njarijosaken bilih soedagar tèh golongan Walandi sami anggadahi pamanggihi langkoeng prajogi njadènipoen tèh kémawon namoeng kapilihan ingkang pantjèn saé saestoe. Nanging *Times* mastani ichtijar makaten poenika sasat sami kémawon kalijan rantjangan Inggris ngirangi wedaling tèh. Mila manawi soedagar tèh Walandi sami ngoedjoeki sedyanipoen Inggris, poenika nama boten sapintena kaotipoen; langkoeng-langkoeng déné tèh wedalan

Indonèsijah poenika sami-sami tèh reginipoen kalebet asor pijambak.

**NEDERLAND. Kabesmèn ageng-agengan.** Tilgram Aneta saking Den Haag kala Senèn kapengker poenika martosaken bilih ing Middelburg wonten kabesmèn ageng-agengan. Kapitoenènipoen kataksir wonten sajoeta roepijah langkoeng.

**ROESLAN. Actie mengsah Agama.** Kanggé ngladjengaken anggènipoen mengsah Agama Kristen, Moskousche Syndicaat ngedegaken sakolahan sanga wonten Moskou. Sakolahan waoe kanggé pasinaon nglawan Pasamoewan Soetji. Laré wedalan ngrikoe tjalon dados „zendeling”-ipoen Propagandah sengit kalijan Kristen, kasebar dateng satanah Roeslan preloe ngobrak-abrik kalangan Agama Kristen.

Grèdja saé ing Dimitrovkistraat kamanah badé katoetoepe kanggé museum mengsah Agama.

**Begrootingipoen Roeslan.** Kanggé preloening wadyabala Roeslan namoeng mendet 90% ning begrooting sadaja kepara kirang. Mangka sawenèhing nagari sanès wonten ingkang doemoegi 40%.

Begrooting Roeslan sadaja wonten 11.400 mljoen roebel, kala taoen kapengker namoeng 8000 mljoen roebel. Begrooting samanten waoe ingkang 7000 mljoen roebel tjalon katandjakaken dateng prakawis economie, ingkang 2400 mljoen roebel kanggé prakawis sociaal. Kadjawi poenika manoet rantjangan, Roeslan tjalon saged pikantoeke pamedal katah saking paos padagangan. Pamedal poenika ingkang sapèrangan ageng badé kanggé damel margi sepoer énggal tjtjahipoen 51 pandjangipoen goenggoeng 6250 mil